TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

1474

f 0.12

[illegible]AN SÉTAN

PEPÉRIDAN SAKING DONGÈNC ANGGITANIPOEN

LEO TOLSTOY

BALÉ POESTAKA
BATAVIA

PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Standaardboek
24-1-42.

Serie No. 1474

DADI PANGAN SÉTAN

PEPÈRIDAN SAKING DONGÈNG ANGGITANIPOEN

LEO TOLSTOY

PERPUSTAKAAN DINAS
PERPUSTAKAAN NASIONAL

1941
BALÉ POESTAKA
BATAVIA

Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

DADI PANGAN SÉTAN.

Ana dongèng, dongèngé wong désa ing negara lija, mengkéné. Wong maoe wong tani mlarat, ésoek-ésoek mangkat menjang sawah, arep mloekoe. Sangoené roti, moeng sairis diwadahi ing kasangé. Nijaté, mengko jèn wis krasa loewé, arep dipangan ana ing sawah. Mangkaté saka ngomah ija doeroeng sarapan, wong rotiné pantjèn moeng kari sairis koewi. Oepama dipangana ana ing omah, mengko jèn ana ngelihé ana ing sawah gèk képrijé. Satekané ing sawah, kasang wadah roti disèlèhaké ing galengan, ditoetoepi soeket, bandjoer tata-tata arep mloekoe. Djarané dipasangi, wloekoené ditjemploengaké ing sawah, bandjoer wiwit. Wis tjaranè wong ing negara maoe, nggarap sawah ora nganggo sapi, nanging nganggo djaran.

Nganti soewé olèhé mloekoe. Djarané nganti katon sajah, sarta awaké dèwé ija nganti krasa ngelih. Bandjoer lèrèn. Djarané dioetjoeli ditjoelaké dikon mangan soeket, awaké dèwé arep sarapan. Sanadjan sangoené moeng roti totok, nanging wong ija wis ngelih, dadi nalika marani roti, rasané atiné kaja wong nèk dioendang mangan énak kaé.

Malah ngoengkoeli. Tekan nggon roti, rotiné ora bandjoer tjeg ditjandak, nanging loenggoeh disik, ngasokaké napasé lan nggaringaké kringeté. Bareng wis saoentara, lagi tangané roemanggèh, soeket disingkiraké, kasang didjoendjoeng.

Njengé kasang, atiné nggragap, sabab kasangé èntèng baé, kaja kasang kotong. Énggal-énggal digogohi..... temenan, kasangé wis ora isi apa-apa. Digolèki ing enggon soeket, ora ketemoe, ing enggon lijané ora ana, gèdèg-gèdèg getoen atiné. Getoené, sabab nalika kasang disèlèhaké, rotiné isih, mangka sasoewéné mloekoe ija ora ana wong mara, oetawa asoe teka.

Bandjoer grenengan : „Èh-èh, kok anèh temen. Ora ana oewong, kok roti klakon ditjolong. Sing njolong baé sapa ?"

Satemené sétan, sing njolong rotiné, ja ikoe nalikané wong maoe lagi mloekoe. Sétané, boebar ndjoepoek roti, ora bandjoer loenga, isih oempetan ana ing kiwa tengené kono, kepéngin kroengoe nepsoené oetawa pisoehé wong tani maoe. Awit petèké si sétan, wong kélangan barang toer barang preloe, ikoe mesti moeringmoeringé, sarta adakané ija bandjoer misoehmisoeh, oetawa moedjèk-moedjèkaké ala marang sing ndjoepoek.

Nanging pangirané sétan maoe tibané kliroe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Pantjèn ija bener wong tani maoe getoen, nanging ora nganti kawetoe temboengé sing ala. Malah bareng wis rada soewé bandjoer moeni mangkéné ;

„Ning mangsa akoe bakal matia kaliren. Déné wong sing ndjoepoek, anané nganti gelem nglakoni sing kaja mengkono, ikoe mestiné rak ija saka kepèpèté. Moega-moega baé rotikoe maoe kena dienggo njamboeng oemoer."

Boebar grenengan mangkono, wong maoe bandjoer menjang ing belik, ngombé nganti wareg. Sawisé ngombé, ngaso sadéla, bandjoer wiwit mloekoe manèh.

Kotjapa sétan sing ganggoe gawé, atiné gela banget, ora bisa gawé doerakané wong tani maoe. Anggoné ndjoepoek roti ikoe pantjèné nganggo pamrih soepaja wong maoe misoeh-misoeha, gelema ngetokaké temboeng kang ala-ala ; nanging woesanané ora, moela bandjoer énggal-énggal bali menjang dangkané, lapoer marang panggedéné.

Panggedéné sétan nepsoe, temboengé :

„Ikoe rak saka loepoetmoe. Koerang pinter olèhmoe ngarah-arah. Nèk wong désa wataké kebatjoet-batjoet kaja wong tani maoe, akoe karo kowé rak ora oeman papan. Tjekaké ora kena. Saiki kowé koedoe bali menjang ing enggoné wong maoe. Roti kang woes kokdjoepoek koedoe kokidjoli panggawé kang dadi panggawéné sétan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Kowé dakwangeni teloeng taoen. Jèn sadjroning teloeng taoen kowé ora bisa neloekaké wong maoe, adja takon dosa, sida dakgroedjoeg banjoe pangoeripan kowé !"

Diabani arep digroedjoeg ing banjoe pangoeripan, sétan maoe wedi banget, sabab toemrapé sétan padané banjoe panas moelak-moelak. Bandjoer bali menjang panggonané oewong, golèk réka arep ngempakaké panggodané. Soewé olèhé mikir-mikir. Nanging soewé-soewé ija olèh. Bandjoer malih dadi wong alim, mondok ana ing omahé wong tani maoe. Nalika ikoe ngarepaké mangsa katiga, sarta ana titikané jèn katigané bakal dawa, lan bakal ora ana oedan kiriman. Wong alim malihan sétan bandjoer awèh pamrajoga marang wong tani soepaja pariné ditandoer ing rawa. Wong tani ija ngèstokaké. Woesanané tandoerané ija bisa metoe temenan, dipangan saoengsoem ora entèk, isih ana toerahé.

Mangsané nandoer pari manèh, sétan mrajogakaké soepaja pariné ditandoer ing goemoek-goemoek. Sabab mitoeroet pétoengé sétan, bakal akèh banget oedan. Petèké sétan maoe ija bener temenan. Wiwit pari ditjeblokaké, oedané tanpa lèrèn. Dadi metengé pari ija bandjoer kasèp. Akèh sing roeboeh, lan wetoené ija setitik. Sing apik dèwé moeng pariné wong tani kang dipon-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ḍoki sétan maoe. Wetoené akèh, pariné ija betjik. Ora entèk dipangan saoengsoem, toerahé isih pirang-pirang, nganti wong tani maoe bingoeng anggoné arep ngentèkaké.

Weroeh sing doewé bingoeng sabab kakèhan pangan, wong alim malihan sétan bandjoer noetoeri. Pariné kang pari ketan, dikon nggawé tapé. Nanging tapé maoe sing didjoepoek moeng doedoehé, nganggo disimpen manèh nganti soewé. Dadi bandjoer woedjoed ombèn-ombèn kang ngendemi. Wong tani maoe boengah, sabab roemangsa olèh kawroeh. Pari ketan toerahan bandjoer digawé tapé kabèh, sarta bandjoer olèh doedoeh pirang-pirang, kena diombé saben dina. Wiwitané ija diombé ḍéwé, nanging soewé-soewé ngadjak tangga-tanggané. Bandjoer kerep paḍa endem-endeman.

Sétan roemangsa wis ketekan karepé. Bandjoer moelih menjang ḍangkané, lapoer marang panggeḍéné.

Panggeḍéné mèloe boengah, kapéngin njatakaké ḍéwé. Sétan bandjoer didjak bali menjang ing enggoné wong tani sing mentas diponḍoki.

Kebeneran nalika tekan kono, wong tani maoe lagi kepoeng loenggoeh ing médja karo tanggatanggané, ḍep-ḍepané ija ombèn-ombèn kang ngendemi maoe. Wondéné sing saḍéla-saḍéla dikon

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ngedjogi, bodjoné. Sabab anggepé karo bodjoné kaja batoer baé.

Dilalahé wong tani maoe olèhé ngedjogi njénggol gelas. Gelasné nggléwang, isiné woetah lambah-lambah ing médja, sarta ija ana ḍajoh sidji sing kewoetahan.

Wong tani woes teloeng prapat mendem, weroeh tandangé sing wadon mangkono maoe bandjoer ngadeg. Sing wadon ditoeding-toedingi karo dioenèk-oenèkaké mangkéné :

„Wong krandjingan kowé, hè ! Apa kok arani banjoe reged koewi, kok dadi kokwoetahaké ? Ora genah woeroekané ! Kéné olèhé gawé ngajaaja, djeboel moeng diboewangi baé !"

Sétan bareng weroeh patrapé wong tani sarta kroengoe olèhé ngoenèk-oenèkaké bodjoné, bandjoer ndjawil panggedéné karo kanda :

„Mangga koela atoeri mriksani !"

Sasoewéné sétan omong-omongan karo panggeḍéné maoe, wong tani isih baé anggoné misoehmisoehi sing wadon. Poengkasané sing wadon bandjoer dikon loenga, awaké ḍéwé sing bandjoer ngilingi ombèn-ombèn. Tengah-tengahé ngilingi, tanggané ana manèh sing teka. Wong maoe wong mlarat. Tekané ora dioendang, moeng saka karepé ḍéwé. Nanging karo sing doewé omah ora disapa-aroeh. Disoegoeh ombèn-ombèn ija ora.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Dadi angger weroeh kantjané pada soerak-soerak ngombé, dèwèké moeng ngoeloe idoe baé karo ngawasaké. Toer isih kroengoe tetemboengan kang ora kepénak. Sabab boebar ngombé maoe sing doewé omah tjalatoe mangkéné :

„Gagasané ing kéné iki waroeng gratis, apa ngono. Saé-saéné teka, wong ora dioendang !"

Temboeng kang njerikaké mangkono maoe toemrapé sétan ija njenengaké banget. Panggedéné sétan bandjoer kanda karo kantjané :

„Menenga baé, ja ikoe sing dakgolèki, toenggalé rak isih akèh !"

Temenan. Wong kang pada ombèn-ombènan bandjoer wiwit ngamé. Ana sing rékané medar sabda, ngalem énaké ombèn-ombèn sing lagi diombé, mbodok-mbodokaké wong sing semoetji-soetji. Bandjoer ana manèh sing njandra kantja-kantjané, dialem sidji-sidji, salin-salin. Boebar ngalem si A, bandjoer ngalem si B sateroesé.

Sétan toewa weroeh tingkahé wong-wong mangkono maoe atiné saja boengah. Kanda karo kantjané :

„Ora-orané loepoet. Mesti bakal kena kabèh saiki. Wah pantjèn ombèn-ombèn ikoe betjik banget."

Kantjané mangsoeli :

„Koela atoeri ngentosi kémawon, mangké manawi sampoen ngombé sagelas malih. Sapoenika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

saweg kados ketèk, pringas-pringis pijambakan. Mangké rak malih dados segawon."

Petèké sétan kang mangkono ikoe oega kelakon temenan. Bareng wong-wong wis ngombé sagelas manèh, bandjoer wiwit djegoeg-djegoegan, tapoek-tapoekan. Malah ana sing kedrawasan dadi kerah karo kantjané. Sing doewé omah ija mèloe ngrodjongi. Wasana bandjoer ramé. Ora béda karo asoe temenan kaé. Panggedéning sétan saja boengah.

„Wah, ombèn-ombèn gawéanmoe pantjèn tjespleng temenan. Nanging mbok akoe kokkandani, keprijé adon-adonané. Apa nganggo kokwènèhi getih ketèk, getih asoe lan getih tjèlèng ? Sabab polahé wong kang ngombé kok ngèmperi banget karo kéwan-kéwan maoe."

Kantjané mangsoeli :

„O, boten, boten makaten pandamel koela. Ingkang koela tindakaken kawitan namoeng ngoedi tirahipoen pantoen. Sageda ngantos tirah-tirah, ngantos ingkang gadah pijambak bingoeng boten saged nandjakaken. Wondéné anggèn koela gadah tindak makaten waoe ingkang koela èngeti, oetawi koela angkah namoeng rahing kéwan ingkang doemoenoeng wonten ing badanipoen tijang tani waoe. Awit rah waoe poenika nalika tedanipoen dèrèng tirah, namoeng tjekap kanggé

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

njampedi kabetahan, jektosipoen boten gampil moentabipoen. Tandanipoen nalika kapendet rotinipoen ingkang kadjagèkaken kanggé sarapan, poenika inggih sakétja kémawon, malah ingkang mendet dipoen poedjèkaken saé. Lo tindak makaten waoe, toemrap koela sadaja, rak inggih nama kesangeten. Nanging manawi kamanah pandjang, inggih boten nggoemoenaken. Pantjèn inggih makaten poenika wewatekanipoen rah. Oeger tedanipoen namoeng satjekap, inggih anteng. Déné sagedipoen moentab-moentab, mbingoengi, manawi sarwa-sarwi tirah. Ing ngrikoe mesti ladjeng bingoeng pijambak. Mboedi moerih sagedipoen seneng. Mila ingkang kawitan ingkang koela oedi inggih moerih bingoenipoen roemijin, sarana koela tirahi tedanipoen. Sasampoenipoen bingoeng, ladjeng koela adjari damel inoeman keras. Inggih inoeman poenika ingkang damel moentabing rah kéwan ingkang doemoenoeng wonten ing badanipoen : rah kétèk, rah segawon, rah tjèlèng moentab sadaja. Manawi sampoen moentab, sampoen temtoe kémawon tijangipoen inggih ladjeng pengawak ketèk, pengawak segawon, pengawak tjèlèng, wosipoen boten wonten bédanipoen kalijan kéwan.

Kroengoe katrangané kantjané mangkono maoe, panggedéning sétan boengah banget. Kantjané

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

diapoera sabab bisa ngidjoli roti kang woes dipangan, diidjoli barang kang pantens dadi tindaking sétan. Saking katrimané bandjoer didjoendjoeng loenggoehé didadèkaké poenggawa kang ḍoewoer pangkaté.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ASIH LAN WELAS IKOE DADI PANGGONANÉ SING GAWÉ OERIP

Ing sawidjiné koeṭa, ana toekang troempah. Djenengé Martin. Omah sing dienggoni Martin maoe pantjèné geḍé. Nanging disingget-singget dadi pirang-pirang sentongan pating tjromplong oeroet dalan. Sing dienggoni Martin moeng satjromplong. Toer ikoe olèhé njéwa. Doedoe doewèké Martin ḍéwé.

Kadjaba ana lawangé kanggo mleboe metoe ing omah, sisihé lawang ana tjandélané. Inebé djeplakan metoe, èngsèlé ana ing ḍoewoer. Jèn ngengakaké ora taoe didjeplakaké kabèh, moeng separo, waton paḍang kena dienggo njamboetgawé. Sabab sadina-dina Martin jèn njamboetgawé ija ana ing ngarep tjendélané maoe. Saka papan panggonané njamboetgawé jèn ana wong liwat Martin moeng bisa weroeh sikilé. Éwadéné djalaran saka nitèni troempahé, sanadjan wongé ora katon, ora taoe salah jèn meṭèk djenengé. Sabab Martin maoe olèhé dadi toekang troempah wis soewé.

PNRI bp Balai Pustaka

Wong sakoeṭa tepoeng kabèh. Mèh ora ana wong ing koeṭa sing troempahé doeroeng taoe kambon tangané. Emboeh sing disalini dlamakané. Emboeh sing diowahi toengkaké. Emboeh sing ditambal lan lija-lijané. Malah kerep baé Martin saka ing panggonan njamboetgawé aroeh-aroeh karo wong liwat, sabab moeng dititèni troempahé baé.

Patoekangané Martin laris, ndina-dina ora ana lèrèné, sabab pagawéané pantjèn betjik, moerah, ora taoe gelem ndjaloek opahan oetawa ngarani rega loewih saka mesṭiné ..... toer tetep kasagoehané. Semaja Slasa, ija Slasa temenan. Anggeré ana wong oetawa botjah marani troempah mrono, oelihé mesṭi njangking troempah sing diparani. Djalaran saka kang mangkono maoe wong-wong ija paḍa mantep atiné. Ora ana sing kapok oetawa tjiliké nijat ngalih lengganan menjang lijané. Nganti saoemoer Martin maoe misoewoer dadi wong betjik. Bareng wis ngoendoeri toewa, malah bandjoer dioendaki, ditemeni olèhé ngabekti marang Pangéran.

Nalika ḍèwèké isih ngantèk, isih mèloe wong lija, wis taoe Martin kélangan bodjo, tinggal anak lanang oemoer teloeng taoen. Pantjèné mono anaké akèh, nanging angger boebar njapih, mati, boebar njapih, mati. Bareng tekan anak sing kari ḍèwé, botjahé oerip, nanging embokné sing mati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

Maoené Martin doewé nijat, anaké arep dititipaké adiné, sing wong wadon, loewes oetawa pinter ngopèni botjah tjilik. Nanging bareng digagas-gagas atiné ora mentala :

„Sakepénak-kepénaké oetawa sakopèn-kopèné mèloe mboktjilik, wong djenengé baé doedoe embokné dèwé, isih kepénak, isih kopèn mèloe wong toewa." Dadi anaké bandjoer diemong dèwé. Nanging Martin bandjoer lèrèn olèhé ngantèk. Bawa dèwé. Gagasané, njamboetgawé mèloe oewong lija, nèk disambi karo momong anak, sing diiloni mangsa trimaa.

Sesasi rong sasi, slamet, ora ana apa-apa. Nganti sataoen, rong taoen, teloeng taoen, patang taoen, kena diarani seneng oeripé. Bisa njamboetgawé. Sedeng dipangan toer bisa ngopèni anak kaja déné kang dikarepaké. Nanging bareng anaké wis bisa réwang-réwang, ngréwangi enggoné njamboetgawé, Martin kena ing goda manèh, anaké lara, ... lara, ... lara, ... nganti dadi lan patiné. Ing kono Martin entèk pangarep-arepé. Ora ana sing disawang manèh. Ora ana sing bakal neroesaké lelakoné. Samangsa awaké dèwé mati ora ana sing bakal nggetoeni. Sing ngoetjapngrasani oetawa ngéling-éling kabetjikané ija ora ana. Tjekaké Martin bandjoer lemes, aras-arasen oerip. Sing disoewoen rina-wengi, énggala noetoeti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

anaké, adja nganti kesoewèn. Jèn gagasané wis tekan kono, kerep baé bandjoer noetoeh marang sing Koewasa, ja géné anaké sing dipoendoet disik, ora awaké dewé sing wis toewa, sing wis wareg oerip.

Martin wis aras-arasen njamboetgawé. Wong ndandakaké troempah kerep baé dibalèkaké. Diwangsoeli jèn lagi soesah. Jèn ana sing wani takon kapan mariné, Martin bandjoer nesoe, moering-moering. Nanging boebar moering-moering bandjoer nangis, kèlingan anaké.

* *
*

Lengganané Martin ana sidji, sing wis toewa. Ija toewa oemoeré, ija toewa pikirané. Ikoe kroengoe saka tangga-tanggané bab kaanané Martin. Bandjoer mrelokaké nemoni :

„Keprijé, Tin ?"

„Pripoen, loerahé, enggih kaja ngèten niki. Napa-napa boten seneng. Nana-napa ampang. Seneng koela moeng mati. Angger koela diparingi mati, ngrikoe saweg lega manah koela."

„Adja sok moeni mengkono. Atiné digawé sing sabar. Sing éling karo sing Koewasa."

„Sabar-sabar napa. Éling-éling napa. Diéling-éling, koela enggih disiksa. Poendi onten, anak

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

moeng kari sidji mawon, kok meksa mentala ndjabel."

„Kowé adja mantjahi kresané Pangéran, Tin. Doedoe wadjibmoe mantjahi koewi. Ing atasé Pangéran, kowé ikoe apa? doedoe ampoet-ampoeté. Adja manèh sing kowé, radja ora bisa, takkandani. Pangadilané sing Koewasa, ikoe pangadilan sing doewoer dèwé sarta ija sing betjik dèwé. Dadi wong oerip ikoe, akoe kowé oetawa ija kabèh baé, wadjibé moeng koedoe pasrah, manoet apa kresané. Déné moenggoeh anané kowé ora seneng kaja saiki iki, ikoe kagawa saka kliroené tékadmoe. Tékadmoe pantjèn moeng arep golèk senengmoe dèwé, orep mboeroe kepénak-moe dèwé."

„Nèk boten golèk senengé dèwé, golèk senengé sinten?"

„Golèk senengé sing Koewasa. Awit sing paring oerip ikoe ora lija kadjaba sing Koewasa. Dadi ija sing Koewasa sing koedoe diladèni, dièstokaké dawoehé, dienoet kresané. Djandji kowé gelem ngéstokaké dawoehé, ngenoet kresané, ora-orané kowé bakal nemoe soesah. Oeripmoe bandjoer krasa èntèng, krasa kepénak."

„Napa enggih, ta, kok majar temen."

„Lo temenan. Tjoba, anak sing oewis ora ana ikoe adja kok akoe anakmoe dèwé. Nanging

akonana anak kagoengané sing Koewasa, diga-ḍoehaké marang kowé ..... Wis, saiki anggepen barang gaḍoehan maoe dipoenḍoet sing kagoengan ..... Olèhé moenḍoet ora djalaran arep disija-sija oetawa ora djalaran saka koerang pratjajané marang kowé. Nanging moeng saka pangéman. Ija ngéman anakmoe, ija ngéman kowé. Endi sing dakarani pangéman maoe ? Lah koewi saikiné doeroeng kétok. Kétoké lija dina, lija sasi oetawa lija taoen, samono maoe jèn kowé ora moenjal-moenjal. Tegesé ngéstokaké ḍawoehé lan ngenoet kresané."

Martin wiwit krasa atiné, meneng sawatara, bandjoer takon : „Ḍawoehé Pangéran nikoe pripoen, ta, loerahé. Kalih kresané dospoendi ?"

„Ḍawoehé, kowé koedoe njamboetgawé sing bener betjik. Liré betjik, pagawéané koedoe diangkah soepaja diḍemeni ing oewong akèh. Déné bener, jèn mangsané njamboetgawé, koedoe njamboetgawé. Kosokbaliné jèn mangsané ngaso, ija koedoe ngaso. Dadi adja sok njamboetgawé karo ngaso, oetawa adja sok ngaso karo njamboetgawé. Mangsané njamboetgawé, njamboetgawé. Mangsané ngaso, ngaso."

„Sing empoen koela tindakaké nikoe rak enggih ngoten ta, loerahé."

„Moelané koewi, sarèhné sing sidji wis kok-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

tindakaké, ja ikoe „ḍawoehé", moelané toemrapé kowé saiki moeng kari ngéstokaké „kresané". Angger kresané wis kokéstokaké, wis tjoekoep, oeripmoe ora moeng bakal betjik baé, nanging atimoe ija bakal èntèng, bakal kepénak."

„Lah kresané kepripoen ?"

„Kresané, kowé koedoe ḍemen menjang Pangéran."

„Lah ḍemen teng Pangéran nikoe lakoené pripoen ?"

„Sapisan ngandel marang pangadilané sing Koewasa. Ping pinḍoné tresna marang sakabèhé sing dititahaké."

„Ngarah saèstoe, nikoe, loerahé ?"

„Lo, temenan. Titènana baé. Ora-arané akoe goroh. Anggeré kowé ngandel temenan marang pangadilané, sarta tresna tenan marang sapepaḍamoe oerip, oeripmoe mesṭi seneng ..... Wis ja, Tin, akoe dakmoelih ..... Atimoe kepénakna. Éling élingen sarta goegoenen kanḍakoe maoe."

„Enggih, loerahé, nggih matoer noewoen. Njoewoen pangèstoe mawon."

„Ja. Nèk sela-sela pagawéjan, mranaa genti ! Mengko remboegé diteroesaké, mèn saja tjeṭa."

Ḍajohé moelih, Martin mleboe ing omah. Atiné ana soedané, sanadjan doeroeng akèh. Temboengé ḍajoh sing nganḍakaké, jèn anaké olèhé dipoen-

ḍoet ikoe moeng djalaran saka pangéman, tansah diéling-éling. Gagasané :

„Jèn pantjèn mengkono, ja oewis, akoe wis rila."

Bandjoer salin kèlingan pakoné ḍajohé, djarèné djandji ḍèwèké gelem njamboetgawé kaja ḍawoehé sing Koewasa, sarta gelem ngéstokaké kresané, oeripé bakal èntèng, bakal kepénak, ora soesah. Ikoe teroes diéling-éling, digolèki. Ana laliné sawatara jèn pinoedjoe njamboetgawé, nanging saboebaré njamboetgawé, ija bandjoer kèlingan manèh, bandjoer dipikir manèh.

Mangkono maoe saben dina. Moendak dina, temboengé ḍajoh maoe moendak akèh sing kèlingan. Koedoe ḍemen menjang sing Koewasa, koedoe ngandel menjang pangadilané. Koedoe ḍemen menjang sapaḍa-paḍa, sateroesé.

Sanadjan Martin ngretiné marang prakara maoe doeroeng tjeṭa, nanging wis ana betjiké. Njamboetgawé toememen. Mangsané njamboetgawé, njamboetgawé ; mangsané ngaso, ija ngaso. Menjang lakoe kang ora betjik, oepamané : ḍemen leloengan ing wajah bengi, ḍemen ngombé inoeman keras, ḍemen njatoer tangga lan lija-lijané wis marì. Jèn kroengoe tangga-tanggané njatoer wong lija, koepingé sok ditoetoepi.

Noedjoe sawidji dina, lagi tengah-tengahé

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

njamboetgawé, Martin kroengoe wong oendang-oendang, roemangsané saka ing boeri :

„Martin !"

Martin méngo. Nggolèki sing ngoendang. Nanging ora ketemoe. Bandjoer teroes njamboetgawé manèh, ndondomi sepatoe. Lagi olèh limang tjoeblesan, kroengoe wong oendang-oendang manèh. Martin ija méngo manèh. Nanging sing oendang-oendang ora ana katon. Diwetoni ija ora ana. Ditakok-takokaké wong lija ora ana sing weroeh. Bandjoer njamboetgawé manèh. Nanging ora soewé, sing oendang-oendang njoewara manèh:

„Tin ! Martin ! Sésoek olèhmoe njamboetgawé karo ngawasna ing dalan. Akoe arep teka ing omahmoe !"

Martin gèdèg-gèdèg, ndjenger saking goemoené. Mangka dèwèké ora roemangsa toeroe. Ngantoek ija ora. Dadi sing diroengoe maoe doedoe impèn. Nanging prakara maoe ora digagas dawa. Moeng nijaté ésoeké arep diéstokaké.

Ésoeké ora taoe-taoe, Martin kok kepéngin mangan olah-olahané dèwé. Dadi anggoné njamboetgawé ésoek maoe disambi ngliwet, disambi ndjangan. Karo bola-bali ngawasaké ing ratan. Jèn ana wong liwat sing troempahé doeroeng taoe weroeh, olèhé njawang nganti ndingkloek, kepéngin weroeh wongé. Toer samangsa weroeh, ija

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ora apa-apa. Ora wani ngendeg, oetawa nakoni : „Napa sampéjan sing sagoeh adjeng teng nggèn koela ?" Teroes mlakoe ditogaké baé. Déné jèn sing liwat maoe wong sing wis diweroehi, ketitik saka troempahé, ija ora dikapak-kapaké. Sabab saka gagasané Martin, wong sing sagoeh arep teka menjang omahé, ikoe mesti wong sing doeroeng ditepoengi.

Ora soewé ana soewara : srèg ! srèg : soewarané wong njapoe. Sanadjan Martin wis weroeh jèn sing njapoe maoe si Stépanis, pènsioenan sredadoe, sing bandjoer dadi toekang njapoe dalan, éwadéné Martin meksa nglongok metoe, ngawasaké. Boebar ngawasaké sadéla, teroes njamboetgawé manèh, karo nggrenengi awaké déwé : „Wis genah jèn doedoe, kok diréwangi lèrèn olèhé njamboetgawé iki, ta."

Nanging lagi sadéla, wis lèrèn manèh, ngawasaké metoe manèh.

Nalika samono wiwit ésoek wis kepjoer. Mangsané pantjèn mangsa rendeng. Sanadjan kepjoeré ora kena diarani gedé, nanging wong liwat ing dalan akèh sing pada koedoengan, orané ija sadjak kesoesoe, koewatir jèn klambiné teles.

Stépanis isih teroes njapoe, wis tekan ngarepé bener omahé Martin. Nalika diawasaké Martin kang kaping pindoné maoe, lagi lèrèn, sapoené

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ora dikosrèkaké, karo ngemèk-emèki klambiné sing wis anjep. Ora soewé minggir, arep njéjoeb ing èmpèré omahé Martin, kambi ngaso sawatara. Martin nggagas :

„Sadjaké adem, wong koewi, karo ija wis sajah. Mbok tjoba dak tawanané ngombé wédang, mèn dienggo anget-anget."

Sawisé nggagas mangkono, pagawéané disèlèhaké. Wédang tèh sing ditjentjem, bandjoer diilingi. Tjangkir ing patéhané loro-lorogé diisèni kabèh. Bandjoer ndjoepoek goela satangkep, ditjoewil-tjoewil diwadahi tjawan. Bareng oewis, kebeneran nalika ikoe Stépanis nglongok mleboe ing omahé Martin. Bandjoer diawé, kambi diwengani lawang.

„Adem wakné iki ajaké. Kéné anget-angetan ngombé wédang !"

Stépanis kroengoe ditawani wédang, awaké sing wis krasa lemes, sanalika kaja déné metoe kekoewatané. Pantjèn sakésoek dèwèké doeroeng kambon apa-apa, sarapan doeroeng, médang sing adaté ora taoe towong ija doeroeng. Saking boengahé, ora bisa mangsoeli apa-apa. Moeng menjat kambi oemak-oemik ngoetjap soekoer marang kang gawé Oerip. Bareng wis ana ing djero omah bandjoer diedjak loenggoeh ing lintjak panggonan patéhan. Arep loenggoeh ngisor, ana ing dingklik,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

sing doewé omah ora awèh. Sawisé loenggoeh bandjoer bebarengan njroepoet wédang. Olèh sasroepoetan Stépanis tjahjané wis owah. Tjangkir paḍa disèlèhaké. Genti ndjoepoek goela, dilalab. Sasoewéné mamah goela, tjangkir wis paḍa ditjekeli manèh. Goela lemboet, wédang diombé, glenggeng, satjegoekan entèk. Stépanis wis roemangsa poelih kekoewatané, wis bisa ḍèhèm-ḍèhèm. Sing doewé omah nawani : „Malih nggih, wakné." Karo ngilingi tjangkir sing wis koṭong. Sing ḍisik tjangkiré Stépanis, bandjoer tjangkiré ḍéwé. Sasoewéné ngilingi wédang, Martin saḍéla-saḍéla ora lali kambi ngawasaké ing djaba, nganti ḍajohé takon : Sadjaké masé nikoe kok onten sing diarep-arep. Sinten, ta ?"

„Leres kanḍané wakné. Pantjèn onten sing koela arep-arep. Nanging jektiné isin koela adjeng ngandakaké sinten sing koela arep-arep nikoe. Kalih malih napa enggih empoen mesṭiné jèn koela ngarep-arep. Djalaran koela niki moeng kroengoe swara. Déné kroengoe koela nikoe napa moeng roengoe-roengoenen, napa kroengoe temenan, napa nalika nikoe koela pinoedjoe ngantoek, napa pinoedjoe melèk, lah nikoe sing koela boten weroeh. Ngèten inggih, wakné. Wingi nikoe koela saweg njamboetgawé. Wajahé enggih wajah ngèten niki. Sasoewéné njamboetgawé, ati

koela kok adreng ngélin-éling teng koewasané sing gawé Oerip ; sing nitahaké djagad sémènten niki, lan enggih sing nitahaké koela sampéan nikoe, sing adil, sing boten pilih kasih. Lah sasoewéné koela ngéling-éling kabèh waoe, kari-kari ndjoer kroengoe wong oendang-oendang djeneng koela. Pisan pindo moeng ngoendang mawon, ping teloené kalih moengel mekèten : „Sésoek ngawasna menjang ratan, akoe arep teka ing omahmoe."

Nikoe temenan lo wakné, koela boten kanda goroh.

Mangka dèk semonten koela enggih boten tilem. Moela mangsa bodoa ngrikoe angsalé adjeng ngarani. Dinten niki tjekaké ènten sing koela arép-arep."

Sing dikandani meneng baé, bingoeng anggoné arep mangsoeli. Arep ngandel kaprijé, ora ngandel kaprijé. Moelané moeng gèdag-gèdèg baé karo moeni: èh, èh, èh. Sing doewé omah weroeh Stépanis gèdag-gèdèg, mripaté bandjoer ngawasaké panggonan lija. Wasana weroeh tjangkir sing pada diadep isih kebak, bandjoer ngadjak ngombé manèh :

„Engga, wakné, wédangé, selak adem mengké. Ngrikoe goelané. Engga ta !"

Stépanis krasa jèn enggoné manggakaké Martin maoe kanti kedoega, moela ija ora éwah-éwoeh,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ndjoepoek goela rong tjoewil, teroes dimamah. Sing doewé omah nirokaké. Bareng pamamahé goela wis lemboet, wédang bandjoer paḍa diombé.

Boebar ngombé wédang kang kapinḍo maoe, Stépanis tata-tata arep menjat, arep noetoegaké enggoné njapoe, karo kanḍa mangkéné :

„Wah, pantjèn élok nikoe !"

Martin ngreti karepé ḍajohé. Nanging sarèhné roemangsa doeroeng toetoeg anggoné omong, ḍajohé digondèli, tjangkiré didjogi manèh karo kanḍa mangkéné :

„Setjangkir malih, wakné. Waoe koela sing ngantjani sampéjan, saniki sampéjan koedoe ngantjani koela."

Boebar ngilingi wédang, tékoné disèlèhaké. Bandjoer kanḍa manèh :

„Lo, rak enggih ngoten, ta, wakné. Wong oerip nikoe rak koedoe kantjan-kantjanan, ta. Dadi netepi kresané sing gawé oerip. Wong dititahaké onten donja boten dikon kerengan, nanging dikon sanak-sanakan. Wondéné golèk sanak nikoe boten preloe nganggo pilih-pilih, ndadak milihi wong sing soegih, sing babag. Nikoe boten preloe. Kabèh-kabèh djenengé titah. Rèhné paḍa dititahaké, karepé enggih paḍa dikon roekoen, paḍa toeloeng-tinoeloeng. Nèk sing sidji

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

lagi nandang kasoesahan, lijané dikon noeloengi. Enggih napa boten, wakné ?"

Stépanis dasar wong kang aloes beboedèné, wong kang kesrakat oeripé, bareng kroengoe temboengé Martin sing kaja mangkono, atiné goemregel, wédang sing wis diiling ora diombé malah dislorokaké. Awaké déwé menjat kambi kanda mangkéné :

„Wah, banget panrima koela, mas, sampéjan ngendika sing kados ngoten. Manah koela sing tansah kesakit-sakit, roemaos angsal djampi. Empoen, mas, koela adjeng ngladjengaké angsal koela njapoe."

Martin njamboengi : „Wédangé boten mang entèkaké ?"

Stépanis mangsoeli : „Boten, empoen doegi angsal koela ngombé. Sanès dinten mawon koela mriki malih."

Stépanis bandjoer pamit, teroes metoe karo ngondok-ondok atiné. Déné Martin ija bandjoer mèloe menjat, karo ngombé wédang sing wis diilingi ana ing tjangkiré, arep njamboetgawé manèh.

* * *

Sasoewéné njamboetgawé ija isih teroes sadéla-sadéla ngoengak menjang djaba, ngangoek-angoeki oewong sing sagoeh teka. Moenggoeh gagasané

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Martin, oewong sing sagoeh teka maoe ora lija kadjaba oetoesané sing Koewasa. Moela kepénginé weroeh ija banget. Adja manèh kroengoe soewarané wong liwat ora diangoek-angoekana, wong ora kroengoe apa-apa, matané saḍéla-saḍéla ija pidjer ngawasaké metoe.

Ora soewé ana soewara keṭeplik-keṭeplik, malah wong loro, barengan. Disawang troempahé, djeboel oepas ing désa kono. Panjawangé ora diteroesaké. Let saḍéla manèh tanggané sing liwat, ija moeng dititèni saka troempahé baé. Bandjoer genti batoeré wong sing soegih ḍéwé ing désa kono. Ija ora diopèni.

Saḍéla manèh ana wong wadon liwat, troempahé katon wis ora karoewan roepané. Tekan ngarep tjenḍéla panggonané Martin njamboetgawé dilalah wong waoe lèrèn, sarta ora soewé malah bandjoer minggir arep golèk sènḍèn geḍèg. Martin bandjoer bisa ndeleng tjeṭa, weroeh jèn wong wadon maoe nggènḍong anak isih tjilik. Botjahé nggrijeng nangis. Disoesoni ora gelem, djalaran banjoené soesoe wis ora metoe. Martin ora tegel ngawasaké. Bandjoer menjat ndjranṭal menjang ing lawang. Tekan ing oenḍak-oenḍakan wong wadon maoe ditjeloek :

„Mrénéa, nḍoek. Anakmoe kok nangis baé. Kéné mleboea kéné ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Wiwitané wong wadon sadjak wedi, mangsoeli arep ana ing djaba baé. Nanging bareng dipeksa-peksa, ija bandjoer manoet, mèloe Martin mleboe ing omahé. Nanging lagi olèh rong tindak saka ing lawang, bandjoer ndodok arep andéprok. Adja énggal ditjandak Martin, bokmanawa kedjengkang. Bandjoer didegaké manèh, ditoentoen diloenggoehaké ing lintjak, saboerinè dingklik panggonané njamboetgawé.

„Kéné, ndoek, linggiha kéné. Awakmoe katoné sajah temen. Anakmoe nangis baé!"

„Inggih, pak, toja sesepan koela sampoen boten medal, awit wiwit éndjing koela dèrèng neda."

Sanadjan kanda mengkono, éwadéné anaké meksa disoesoni. Martin moeng ngawasaké kambi gèdèg-gèdèg, saking welasé. Kabeneran nalika ikoe liweté wis mateng. Martin énggal ndjoepoek piring, njidoek sega, disèlèh ing lintjak sanding panggonané loenggoeh dajohé. Boebar ndjoepoek sega, bandjoer ngengakaké lemari, ndjoepoek lawoeh, oega disandingaké dajohé. Sawisé sega karo lawoeh disedijakaké, bandjoer ngiling wédang toerahané sing diombé karo Stépanis, karo kanda mangkéné :

„Wis, ndoek, mangana kono, lah iki wédangé. Anakmoe sèlèhna disik, daktoenggoené. Wong

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

akoe ja wis taoe doewé anak tjilik. Tak-enengenengané."

Wong wadon bandjoer mangan. Anaké wis disèlèhaké, ditoenggoe Martin. Botjahé isih nangis baé. Nanging saking pinteré Martin anggoné ngeneng-enengi, didjak nggoejoe, didjak goeneman. botjahé soewé-soewé meneng. Bandjoer lambéné dienggo dolanan, didemak-demok nganggo gegering dridji panoedoeh, karo didjak nggoeja-nggoejoe. Botjahé ija bandjoer lali ngelihé, gelem nggoejoe. Sasoewéné ndolani botjah, Martin nanggap wong wadon maoe, ditakoni djenengé, omahé lan lija-lijané. Wong wadon bandjoer tjrita mangkéné :

„Sémah koela poenika dados sredadoe. Déné samangké saweg késah perang. Anggèn koela dipoen tilar, djalaran saweg ngandeg sepoeh, inggih ngandegaken laré poenika. Saréhning koela tijang kalih poenika pantjèn boten gegadahan, dados sakésahipoen sémah koela, koela ladjeng kapeksa pados panggesangan pijambak. Kelampahan koela saged angsal pangéngéran. Sadangoenipoen koela ngèngèr, laré poenika medal. Sarèhning tijang réntjang laré alit, kados koela, poenika boten kalap baoenipoen, koela ladjeng kawedalaken. Sapriki anggèn koela boten njamboetdamel sampoen tigang woelan. Arta oetawi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

sembet-sembet anggèn koela nggemèni nalika koela njamboetdamel, sampoen resik. Mrika-mriki koela pados padamelan, tansah dados tampikan. Dados inja, koela inggih boten dipoen adjengi, djalaran badan koela sakalangkoeng kera. Menika waoe koela mentas saking panggénanipoen bakoel soegih. Awit koela mireng saking tangga koela ingkang oegi njamboetdamel ngrika, tjarijosipoen betah réntjang malih. Koela sampoen bingah, sampoen ndjagèkaken manawi dipoen tampèni, sarta inggih ladjeng kénging teroes toemoet manggèn ngrika. Nanging kantoen-kantoen dipoen semadosi saminggoe malih saweg kapoerih wangsoel. Mangka grijanipoen tebih sanget. Wah badan koela, raosipoen sampoen boten kantenkantenan. Makaten oegi anak koela, temtoenipoen inggih toemoet sajah. Mangka toja sesepan sampoen boten medal. Namoeng toedjoenipoen tijang ingkang koela pondoki poenika manahipoen saé. Sampoen tigang woelan koela boten saged mbajar arta pondokan, inggih dipoen kèndelaken kémawon. Dipoen teḍa boten, malah katingal welasipoen ḍateng koela. Oepami boten makaten, mbokmanawi koela kalampahan tilem wonten ing peken."

Martin kroengoe dongèngé wong wadon maoe gèḍèg-gèḍèg. Bandjoer takon :

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

„Apa kowé wis ora doewé gombal-gombalan ?"

„Sampoen boten gadah. Gombalan koela inggih namoeng ingkang koela anggé poenika. Malah slendang ingkang koela anggé ngemban anak koela poenika soewékanipoen tapih ingkang koela anggé poenika. Margi kala wingi slendang ingkang adatipoen koela anggé nggéndong anak koela mentas koela sadé, koela anggé neda."

Nalika samono wong wadon maoe wis rampoeng olèhé mangan. Sawisé njingkir-njingkiraké piring déwé, bandjoer anaké genti ditjandak. Déné Martin énggal mboekak gledegé, ndjoepoeki gombal-gombalan sing wis ora kanggo, diwènèhaké marang wong wadon maoe :

„Enja gawanen, mbokmanawa isih kena kokenggo mboentel anakmoe."

Wong wadon maoe nampani gombalan kambi arep nangis. Bandjoer kanda :

„O, sanget panoewoen koela, pak. Koela roemaos sampéjan gesangi. Pangéran pantjèn adil. Toedjoenipoen koela waoe langkoeng ngriki. Oepami boten, mbokmanawi koela kelampahan pedjah séastoe. Oetawi malih kok inggih keleresan bapak kala waoe mriksani dateng ing djawi, kados déné dipoen osikaken dateng Ingkang Koewaos."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Martin kroengoe temboengé wong wadon maoe boengah atiné. Bandjoer njamboengi :

„Bener kandamoe, ndoek. Pantjèn Pangéran sing ngosikaké atikoe. Olèhkoe sadéla-sadéla njawang metoe ikoe ija saka dawoehé Pangéran. Sabab weroeha ....." Ing kono Martin bandjoer njaritakaké olèhé kroengoe swara nalika njamboetgawé kaé.

Wong wadon mangsoeli :

„Ingkang Koewaos pantjèn maha asih, bapak. Sasampoenipoen koela ladjeng badé mantoek."

Wong wadon bandjoer ngloempoek-ngloempoekaké gombalan. Sawisé diboentel dadi sidji, bandjoer menjat arep metoe, sarta pamitan manèh, lan ija nglairaké panarimané manèh. Nanging doeroeng nganti metoe, Martin noetoeti kambi ngoeloengi doewit oekon sidji. Temboengé :

„Enja, ndoek, irit-iriten tjoekoepna seminggoe, nganti kowé sida mèloe bakoel sing arep kokngèngèri."

Wong wadon nampani doewit karo banget soekoeré marang Pangéran. Saoewisé mangkono, bandjoer metoe, arep teroes moelih. Déné Martin moeng ngawasaké baé nganti wong wadon maoe ora katon. Bareng oewis, bandjoer bali mleboe ing omah, neroesaké olèhé njamboetgawé.

* * *

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Sasoewéné njamboetgawé, kadjaba tansah ngéling-éling marang lelakoné wong wadon maoe, oega tansah bola-bali njawang metoe. Angger kroengoe soewarané wong liwat, oetawa weroeh ajang-ajangané ija diawasaké. Déné sing liwat maoe ana sing wis ditepoengi, sarta ija ana sing doeroeng ditepoengi, nanging kabèh-kabèh ora ana sing dianggep pantes digatèkaké.

Ora soewé Martin weroeh wong wadon wis toewa, liwat ing ngarep tjandélané. Wong maoe bakoel woh-wohan. Njoenggi tébok tjilik moeng isi woh-wohan. kari satitik. Karo nggéndong lan ngindit ténggok kebak isi tatal lan ketokan kajoe pirang-pirang. Semoené olèhé mentas andjaloek oetawa ngloempoek-ngloempoekaké ing enggoné toekang kajoe, arep digawa moelih.

Tekan ngarepé omahé Martin, wong maoe lèrèn, ndodok ana ing pinggir dalan, katon saka ing panggonané Martin njamboetgawé. Ténggok kang dikempit disèlèhaké, ditoempangi tébok sing isi woh-wohan. Déné wongé lagi minger menjang boeri nata tatal kang digéndong ana ing ténggok boeri. Kari-kari lagi oetek ambenakaké tatalé maoe, ana botjah teka, marani tébok sing isi woh-wohan, tjlemoet, ndjoepoek djeroek keprok sidji, arep digawa mlajoe. Nanging doemadakan sing doewé kaja déné krasa. Bareng karo botjah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

anggoné ndjoepoek djeroek, ḍèwèké méngo. Botjah bandjoer ditjekel tangané. Botjahé boedi. Wong wadon kedjengkang nganti kréngkangan. Nanging panjekelé ora oetjoel. Botjah disendal, ngebroeki bakoelé, bandjoer dadi geloet. Nanging sarèhné botjahé isih tjilik, soewé-soewé ija kalah. Ditjekel tjengelé, digablogi gegeré karo dioenèk-oenèkaké : maling tjilik. Botjahé bengok-bengok, kanḍa wis kapok. Nanging wong wadon semoené wis waringoetan.

Martin ora tahan atiné weroeh botjah digablogi gegeré. Kèlingan anaké ḍéwé. Bandjoer ndjrantal metoe. Saking kesoesoené nalika meḍoen ing oendak-oendakan menjang ing dalan tesmaké tiba ora digagas. Teroes njekel tangané botjah, karo kanḍa :

„Sampéjan tjoelaké, mbakjoe. Sampéjan apoenten !"

„Koela poeroen ngapoenten, jèn empoen biroe-èrem awaké. Botjah gaḍangan maling mekoten nikoe koedoe dilapoeraké teng poelisi."

„Ampoen, joe. Kijambaké rak empoen moengel kapok. Sampéjan éling ta, botjah semonten nikoe oemoer pinten ?"

Wong wadon nggoegoe. Botjah bandjoer ditjoelaké, ora ngreti jèn isih ditjekeli Martin. Martin bandjoer kanḍa :

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

„Ajo. Saiki kowé koedoe genti ndjaloek ngapoera marang wakné. Sabab saka olèhmoe arep njolong djeroek."

Botjahé krasa atiné, bandjoer nangis, karo megap-megap ngakoni olèhé njolong djeroek, karo kanḍa jèn wis kapok temenan. Sawisé ndjaloek ngapoera, Martin kanḍa karo ndjoepoek djeroek sidji saka tébok dioeloengaké marang botjah :

„Lah rak mengkono. Wong loepoet koedoe ndjaloek ngapoera. Enja saiki kowé dakwènèhi djeroek ! — Kadjengé, joe, koela sing mbajar !"

„Sampéjan nikoe rak nenoeman botjah, pakné tjilik. Botjah kaja nikoe kapoké koedoe kalih geboeg !"

„Pantjèn enggih ngoten, joe, semonten nikoe nèk sampéjan oetawi koela, nanging nèk sing Koewasa boten mekoten. Nèk laré moeng njolong djeroek mawon digeboegi, gèk sepinten agengé oekoeman koela kalih sampéjan, sing dosané mbokmanawa tikel tekoek kalih botjah nikoe !"

Wong wadon ora bisa mangsoeli, moeng meneng baé. Martin bandjoer tjarita, njaritakaké lelakoné wong oerip. Karepé arep ngretèkaké wong wadon maoe jèn wong oerip ikoe sadina-dinané tansah ana baé kaloepoetané. Wong wadon ngroengokaké. Botjahé ija mèloe ngroengokaké. Bareng oewis, Martin kanḍa :

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

„Pantjèn kresané sing Koewasa, tijang gesang nikoe kedah poeroen ngapoenten. Sabab jèn boten poeroen ngapoenten, awaké kijambak enggih boten diapoenten. Déné sing diapoenten nikoe boten preloe pilih-pilih, enggih sinten mawon. Saja malih tijang sing dèrèng ngretos awon-saé."

Wong wadon semoe ora ngandel, ngesah kambi gèdèg. Bandjoer tjalatoe :

„Enggih djalaran sing ngoten nikoe, moelané botjah-botjah djaman saniki saja boten genah."

Martin mangsoeli :

„Lah nikoe rak saking loepoeté sing toewa, boten poeroen ngadjar lan boten gelem meroehaké ala lan betjik."

Wong wadon mangsoeli :

„Saka panemoe koela enggih mekotan. Koela pijambak anak koela pitoe, sing gesang moeng kantoen satoenggal, èstri." Bandjoer njaritakaké jèn dèwèké saiki mèloe anaké wadon maoe. Poetoené wis pirang-piraang : „Lah nikoe nggih, mas. Sanadjan koela empoen toewa, awak koela empoen ringkih, nanging taksih koela koewat-koewataké koela enggé njamboetgawé, saking koemoedoe-woedoe koela adjeng damel senengé poetoe. Ontené saniki sing dadi kasenengan koela moeng poetoe. Wah pripoen ta, mas, olèhé sami ndemenakaké. Saja malih sing nomer teloe, nikoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

empoen boten kénging pisah kalih koela ; anggerè koela mantoek saking dodolan, taksih tebih empoen diplajoni karo oendang-oendang : Mbah ! Mbah, kowé kok lagi moelih !"

Tekan samono wong wadon maoe lèrèn anggoné tjrita, karo mèsem sarta katja-katja mripaté. Bandjoer kanḍa manèh :

„Sanadjan botjah nikoe waoe mestiné enggih moeng gegoejon mawon. Moega-moega mawon sing Koewasa bandjoer noedoehaké dalan sing bener !"

Anggoné kanḍa mangkono maoe karo nggé[illegible] ḍong senik lan njoeggi téboké. Bareng ar[illegible] njanḍak senik sing arep diindit, botjah si[illegible] maoené diedjak geloet maoe, bandjoer ngrebo[illegible] senik karo kanḍa :

„Dakgawakké, mbah, seniké, wong dalané bareng wé !"

Senik sing arep diindit diwènèhaké botjahé. Bandjoer disoenggi. Botjah kambi wong wadon toewa bandjoer paḍa loemakoe bebarengan, disambi omong-omongan. Ora ana tipaké satitiktitika jèn mentas paḍa padoe. Katoné kaja déné embahné karo poetoené ḍéwé. Lali ndjaloek ḍoewit regané djeroek marang Martin. Déné Martin moeng njawang baé karo nggoeja-nggoejoe. Bareng wis adoh, Martin ndjoepoek katja-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

mripaté sing rigol bandjoer mleboe ngomah, teroes mbalèni pagawéané. Doeroeng soewé, sregèngéné soeroep. Nalika ikoe toekang lentéra ing dalan wis wiwit njoemedi lentéra. Bareng Martin weroeh, kaja diélingaké, ndandani lampoené bandjoer dipasang. Sawisé masang lampoe, bandjoer neroesaké enggoné njamboetgawé, sabab arep dilèrèni ketanggoengan. Ora soewé pagawéjané rampoeng. Bekakasé dikloempoek-kloempoekaké, tjoewil-tjoewilan koelit sing pating ketjitjir didjoepoeki, bandjoer lampoené dielih ing panggonan loenggoeh jèn ḍèwèké pinoedjoe ora njamboetgawé.

Sawisé njantèlaké lampoe, awaké ḍéwé bandjoer loenggoeh, arep ngaso kambi nggagas-nggagas lakoné ing dina ikoe. Lagi baé sreg loenggoeh, kroengoe soewarané wong mlakoe, metoe saka sentong patoroné marani lawang sing ana ing tengené panggonan loenggoeh. Martin méngo ngawasaké. Ing kono roemangsané weroeh wong sawatara paḍa ngadeg ana ing tengah lawang, nanging ora tjeṭa sidji-sidjiné Bandjoer ana sidji sing oendang-oendang : „Tin ! Martin ! Apa kowé pangling karo akoe ?"

Martin takon :

„Sapa kowé ?"

„Akoe."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Lèrèné soewara sing moeni „Akoe" bandjoer ana reroepan tjeṭa, woedjoedé wis pleg Stépanis ngadjak nggoejoe Martin saḍéla, bandjoer lap ilang. Ilangé reroepan sing kaja Stépanis, bandjoer ana soewara manèh :

„Karo akoe, Martin !"

Déné kang katon roepané wong wadon kang mentas ditoeloengi awané, kambi nggéndong anaké. Sawisé ngadjak nggoejoe, ija lap ilang. Bandjoer ana soewara manèh :

„Karo akoe ija, Martin !"

Sarta ing nalika ikoe kang katon wong wadon toewa, bakoel woh-wohan, kambi botjah lanang kang didjak geloet maoe. Loro-loroné ngadjak nggoejoe, kambi botjahé lanang njekeli djeroek ditoedoehaké marang Martin. Nanging katoné oega ora soewé. Bandjoer ilang lap kaja sing oewis-oewis.

Weroeh reroepan kabèh maoe, Martin atiné ḍeg-ḍegan, nanging ija boengah. Bandjoer diga-gas-gagas :

„Apa ija koewi sing sagoeh teka mréné wingi kaé ?"

PERUM BALAI PUSTAKA
PERPUSTAKAAN
DINAS
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka